2149503439_E

Bagay Ou Dwe Konnen Sou Bon jan Kalite Mamogram



Kalite Mamografi

Vésyon pou Piblik la
Direktiv pou la swenyay medikal
Nimero 13

Ki sa youn Mamogram ye?

Mamogram se radyografi tete yo fè nan aparèy ki emèt youn ti dòz X-ray ki pa danjere.

Mounn fè mamogram lè yo al fè ekzamen mamografi. Gen 2 sòt de ekzamen mamografi: younn yo rele «screening» ak younn yo rele «dyanostik».

Youn mamogram «screening» se youn fason rapid ak fasil pou rive detekte kansè nan tete ki fèk ap parèt, lè tretman ka gen pi bon efè ak lò gen gro chans pou kansè ya pap la kòz lan mò. Le pli souvan, yo pran foto radyografi chak tete yo. Youn doktè ki ekspè nan entèprete radyografi ekzamine radyografi sa yo lò yo fin fèt.

Pi fò mounn dakò ke «screening» mamografi yan diminue ka lan mò lakay fanm ki gen 50 ou plis lane. Gen anpil mounn ki pa tonbe dakò sou nesesite fè «screening» mamografi sa-a pou fanm ki gen mwens ke 50 lane.

Fè «screening» mamografi tout lè fwa doktè-w osnon travayè medikal ou ta mande-w pou-w fè sa. Ekzamen sila-a le pli souvan ka lonje dwèt sou tout chanjman ki kab fèt nan tete-w tankou boul, byen lontan avan ou ka rive santi sa.

Yo itilize you mamogram dyagnostik si zan ka yo ta rive detekte youn problèm. Yo itilize-l tou si tout fwa li ta difisil pou yo pran bon jan foto tete yo a kòz de sèten sikonstan espesyal (pa ekzanmp nan ka fanm ki te bay fè yo anlaji tete yo «implants»). mamografi dyagnostik lan dòdinè pran plis tan paske yo tire plis foto tete yo lè konsa. Youn radyolojis kab mande-w pou ou rete tann pandan lap tcheke foto radyografi yo.

Se Agency for Health Care Policy and Research nan tet kole ak Food and Drug Administration ki fè piblikasyon sila-a.

WA 15 D243 1

Bagay Ou Dwe Konnen Sou Bon jan Kalite Mamogram

You Gid pou Fanm

Men Rezon ki fè nou Ekri ti Liv sa-a

Ti liv sa-a ka ede-w aprann plis sou ki jan pou ou jwenn meyè mamogram posib. Lè wa byen enfome, sa va ede-w kolabore pi byen ak tout travayè la sante yo anvan, pandan ak apre mamogram nan pou ou sa jwenn bon jan kalite rezilta ou ka fè konfyans.

Plizyè tip de travayè medikal ka ede-w pran swen tete-w. Doktè, enfimyè, oksilyè medikal ak asistan doktè yo ka ekzamine tete-w, refere-w pou w-al fè mamografi lè sa nesesè, e yo ka ede-w fè lòt ekzamen si wap bezyen sa. Nan ti liv sa-a, mo doktè ya nou itilizel pou rann lekti ya pi fasil, men nenpòt travayè medikal kapab ba rou bon jan la swenyay.

Kote yo fè ekzamen mamografi yan, mounn kap pran foto radyografi yan (radyolojik teknolojis), radyolojis ansanm ak mounn kap pran bon jan swen ekipman yo, tout mounn sa yo resevwa bon jan antrenman espesyal nan mamografi. Yo tout kolabore ansanm pou yo sa fè youn meyè mamogram posib pou ou.

Apre ou fin fè mamogram nan, doktè-w va resevwa rezilta mamografi yan. Sonje pran rezilta-a nan men doktè ya osnon kote ou t-al fè mamografi an.

Se pou ou si ke ou konprann rezilta-a, ansanm ak tout rekòmandasyon yo ta ba rou pou ou swiv. Epi, pa janmen bliye pou ou poze kesyon.

Swiv 7 pa nap prezante-w nan ti liv sa-a, sa va ede-w pran bon jan la swenyay tete-w. Se pou ou rete veyatif sou tout chimen la swenyay lan.

7 Pa pou Kenbe Tete an Bòn Sante

1. Fè ekzamen regilyèman.

Sa-a se meyè jan ou ka proteje la sante tete-w.

- Fe doktè-w fè ekzamen tete-w lè w-al fè ekzamen medikal chak lane.
- Fè youn mamogram chak fwa doktè-w rekòmande-w pou fè-l. Mande doktè-w ki lè lap voye-w al fè pwochen mamogram nan.
- Tcheke tete-w chak mwa, doktè-w va montre-w ki jan pou ou fè sa.

3 ekzamen sa yo ka ede-w ansanm ak doktè ya konnen ki sa ki nòmal pou tete-w ak ki sa ki ka siyale youn problèm.

Rele doktè-w si ou apesi:

- Youn boul ou byen si you pati nan tete vini rèd.
- Youn sòs kap sòti nan pwent tete-w ki tache soutyen-w osnon ròb de nwit ou.
- Chanjman sou po tete-w.

Chanjman sa yo ka nòmal, men ou dwe al fè tcheke sa le pli vit posib.

2. Chwazi youn bon kote.

Anpil lopital, klinik osnon kote ki fè radyografi, fè mamografi tou. Inite mobil yo (souvan nan kamyonèt) ofri ekzamen tete. Kote mounn al shopping, sant kominotè ak nan ofis. Tout kote sa yo dwe ofri menm kalite sèvis.


Doktè-w ka refere-w a youn kote ki fè mamografi. Ou byen, ou kapab chwazi ou kote ki konvenab po ou.

Se pou ou si ke kote kap fè mamografi yan aprove pa Food and Drug Administration (FDA) a mwens ke se youn ofis Veterans Health Administration (VHA).

Gen youn nouvo lwa yo rele: Mammography Quality Standards Act, lwa sa-a oblije tout kote kap fè mamografi a leksepsyon de kote ki se VHA yo, pou yo gen sètifikasyon FDA apati de dat ki te premye oktob 1994. Pou yo sa jwenn sètifika yo, kote sa yo dwe gen bon ekipman. Mounn kap travay la yo ansanm ak jan yo kenbe dosye medikal yo dwe aprouve pa leta. VHA gen bon jan kalite pwogram mamografi ki menm bagay ak sa FDA ya.

Si kote ou ale ya pa gen sètifikasyon FDA, ale youn lòt kote ki gen sètifikasyon FDA.

Pou jwenn youn kote ki fè mamografi e ki gen sètifikasyon, mande doktè-w, osnon rele Cancer Information Service nan National Cancer Institute nan nimero gratis sa-a: 800-4-CANCER.



Lè ou ale kote kap fè mamografi ya, gade pou ou wè si yo gen youn sètifika. Se va prèv ke yo aprouve pa FDA. Sètifika-a dwe kroke youn kote kap fasil pou tout mounn ka wè-l ak li-l.

3. Pran randevou pou al fè mamogram nan lè tete-w pi mou, lè ou pa santi li rèd.

Pandan yap fè mamogram nan, yap mete tete-w ant de plat an plastik pandan kelke segonn. Sa pèmèt yo pran youn bon foto klè tete-w avèk mwens reyon «x-ray». Men, sa ka youn ti jan enkonfotab, e gen kèk fanm ki konn plenyen yo santi doulè.

Si ou gen tete sansib, eseye fè mamogram nan nan peryòd nan mwa-a lè tete-w mwens sansib. Eseye ale nan semèn jis avan règ ou pral vini. Sa va rann ou pi konfòtab.

4. Lè wap pran randevou pou al fè mamogram nan, pa bliye bay tout enfòmasyon ki enpòtan epi tou, pran tout enfòmasyon enpòtan yo tou.

Lè wap telefone pou pran randevou an, prepare-w pou ou bay mounn kote ou pral fè mamogram nan tout enfòmasyo yo dwe konnen. Mounn sa yo ka vle rete tann lè ou vini avan yo poze-w kesyon. Kidonk, li ta nesesè pou ou ta pote enfòmasyon yo ak ou lè ou prale fè mamogram nan. Pami enfòmasyon yo ka mande-w:

- Non ou, adrès ou ak nimero telefòn ou.
- Laj ou.
- Non, adrès ak nimero telefòn kote ou te deja fè mamogram.
- Tout maladi tete fanmi-w kon soufri.
- Si ou gen okenn pwoblèm nan tete-w e depi kobyen tan ou gen pwoblèm sa yo.
- Si ou te janm gen pwoblèm nan tete ou si ou te janm fè operasyon nan tete ou «biopsie».
- Si ou gen bagay yo te mete nan tete-w pou fè li vin pi gro («implants»).



- Dòt enfòmasyon pèsonel tèl ke:

  Si ou ansent osnon si ou nouris.

  Ki lè règ ou abitye vini ou byen ki lè ou koumanse monopòz.

  Nenpòt ki sa ki ka rann li difisil pou fè mamogram nan tèl ke si ou gen gwo tete ki laj anpil ou si ou pa ka kanpe pa ekzanp.

- Non, adrès ak nimero telefòn doktè-w.

Men kelke kesyon ou dwe poze avan ou ale fè mamogram nan:


- Ki jan e ki lè yap ba rou rezilta ekzamen yan.
- Ki sa wap gen pou ou fè kòm preparasyon pou ekzamen yan. (Li paj 8 nan ti liv sa-a pou plis enfòmasyon).

Si ou gen okenn lòt kesyon ou ta renmen poze avan w-al fè mamogram nan, pa bliye rele doktè-w osnon kote ou pral fè mamogram nan.

5. Konnen ki sa ou dwe atann.

Konnen ki sa ki pwal pase lè ou pwal fè mamogram nan va redwi kè sote ou ka genyen. Li enpòtan pou konnen ke se sèlman youn ti kras kantite radyasyon (reyon x-ray) yap itilize pou mamografi yan.

Lè wap fè mamogram nan, wap kanpe douvan youn machin x-ray espesyal. Teknisyen radyolojik lan ap leve chak tete e mete-l sou youn platfòm kap kenbe film x-ray ya. Platfòm sa-a, yo ka leve-l osnon desann li pou koresponn a wotè-w.



Se tou dousman youn plat ki fèt espesyalman pou sa va peze tete yo sou you platfòm. Li nesesè pou yo peze tete ya youn ti gout pandan kelke segonn pou pèmèt pran bon jan radyografi tete yo.

Lè yo peze tete yan konsa, sa pap koze danje. O kontrè, lè yo plati tete yo, sa pèmèt yo itilize mwens dòz x-ray.

Gen etid ki fèt ki di pifò fanm pa kwè mamogram nan bay doulè pandan ti tan kout li pran pou fè radyografi yan. Eseye mete-w a lèz, si presyon yo mete sou tete yo fè-w mal, di teknisyen yan sa pou li sa sispann.

Si gen youn pati nan tete-w ki sanble gen youn pwoblèm, teknisyen yan ka ekzamine tete-w.

6. Vini tou prepare.

- Lè wap abiye ou, mete youn rad 2 pyès, konsa wap annik retire kosaj lan sèlman.
- Pinga mete dezodoran, poud talk, osnon pafen anba bra-w ou byen arebò tete-w jou sa-a. Bagay sa yo ka parèt nan radyografi yan.
- Pote non, adrès ak nimero telefòn doktè-w osnon travayè medikal ou.
- Pote lis tout kote ak tout dat ou te fè biopsie, mamogram ansanm ak tout lòt tretman ou te fè nan tete.
- Mande kote ou te fè mamogram deja yo pou yo barou dosye yo, konsa yo ka konpare yo ak nouvo mamogram nan pou detèmine si gen okenn chanjman ki fèt.

Sa ka ede tou si ou ta:

- Pote youn lis tout kesyon ou ka vle poze sou mamogram ak mamografi.
- Si ou kwè ou ka gen difikilte tande ou konprann eksplikasyon yap ba rou yo, mennen youn zanmi osnon youn manm nan fanmi ou ak ou.

- Si ou kwè ou pap santi ou a lèz, ou ka pran grenn kont doulè inè de tan avan ou al fè mamogram nan.

Si gen you bagay ou pa konprann, poze kesyon e kontinye poze kesyon jiskaske tout kesyon ou yo jwenn repons.

7. Pa rete chita sou rezilta-a.

Li trè zenpòtan pou ou pran rezilta mamogram nan.

Gen anpil chans rezilta mamogram nan va nòmal. *Men pinga ou annik kwè mamogram nan nòmal jis paske ou pankò resevwa rezilta-a.* Si apre 10 jou ou poko resevwa rezilta-a, mande doktè-w de ki prevyen osnon rele kote ou t-al fè mamogram nan.

Si mamogram ou an montre okenn bagay ki pa nòmal, pale ak doktè-w tou swit, pi vit posib sou ki pwochen bagay pou ou fè.



Doktè-w ka pran randevou pou w-al fè youn mamogram dyagnostik osnon ou ka pran randevou sa-a pou kont ou. Men, fè sa san pèdi tan. Fè youn chita tande ak doktè ya sou rezilta-a.

Lè youn mamogram dyagnostik montre youn bagay ki pa nòmal, radyolojis lan ka rekòmande youn lòt tip ekzamen. Youn biopsie se youn fason pou yo pran youn ti moso chè nan tete ya pou yo ka al etidye-l anba mikroskòp. Pafwa youn biopsie nesesè a kòz youn bagay doktè ya jwenn lè la-l tcheke tete-w menm lè mamogram nan parèt nòmal.

Nenpòt ki lè youn mamogram ta revele youn pwoblèm ou swa nesesite pou yo ta-l cheke pi fon:

- Li enpòtan pou ou byen konprann ki lòt bagay wap gen pou ou fè.
- Toujou al pran rezilta tout tès wa-l fè.
- Poze kesyon sou rezilta-a si gen nenpòt ki bagay ou pa konprann.

Si ou pa gen you doktè o swa youn travayè medikal, wap gen pou chache jwenn younn si rezilta-a montre youn bagay ki pa nòmal. Mande mounn kote wa-l fè mamogram nan pou yo ede-w jwenn youn doktè. Apre sa, pran youn randevou tou swit pou ou ka diskite rezilta e ki lòt bagay ou dwe fè.

Mamografi trè zefikas, men li pa ka detekte tout pwoblèm tete. Si ou ta jwenn youn bagay ki pa nòmal nan tete-w, al kay youn doktè.

Se ou menm ki sèl chèf la sante tete-w:

- Pran randevou pou al fè screening mamogram nan tout lè fwa doktè-w ta mande-w pou ou fè sa.
- Toujou al pran rezilta mamogram ou.
- Swiv tout sa doktè-w di pou kontinye tretman ak kenbe randevou pou al fè mamografi dyagnostik lan, si li nesesè, fè sa le pli vit posib.
- Mande doktè-w pou li tcheke tete-w chak fwa wa-l fè ekzamen medikal, epi tou, tcheke tete-w pou kont ou chak mwa.
- Si ou ta gen youn boul nan tete-w nenpòt ki lè, menm si mamogram ou te nòmal, al kay doktè-w san pèdi tan.

Ki jan mwen ka aprann plis bagay sou mamografi?

Pi fò kote ki fè mamografi gen bilten ansanm ak videyo ki chaje ak enfòmasyon sou ki jan pou bay tete la swenyay. Ou ka li yo e gade videyo yo lè wa-l fè mamogram.

Pou enfòmasyon konsènan kansè nan tete ak mamografi, ou ka kontakte:

Cancer Information Service
(sa-a se youn sèvis
National Cancer Institute).. **800-4-CANCER**

"Food and Drug Administration (FDA)"
MQSA Consumer Inquiries
1350 Piccard
(HFZ-240)
Rockville, MD 20850

American Cancer Society..... **800-277-2345**

Itilize paj sa-a pou ou ka kenbe youn dosye pou chak fwa ou ale fè youn mamogram. Mete la dann dat, non ak adrès kote ou te ale ya epi make nimero telefòn nan tou.

Doktè ou lòt travayè medikal:

_____

_____

_____

Dat mamogram na: _____

Non kote ya: _____

Adrès: _____

Nimero telefòn: _____

Dat mamogram na: _____

Non kote ya: _____

Adrès: _____

Nimero telefòn: _____

Dat mamogram na: _____

Non kote ya: _____

Adrès: _____

Nimero telefòn: _____

Dat mamogram na: _____

Non kote ya: _____

Adrès: _____

Nimero telefòn: _____

Pou plis enfòmasyon

Tout enfòmasyon ki nan ti liv sa-a, se nan youn liv yo rele: Clinical Practice Guideline, Quality Determinants of Mammography nou pran yo. Guideline sila-a (gid lan) se youn ekip espè ki pap travay pou gouvènman federal lan ki te devlope-l. Se Agency for Health Care and Policy Research ki te patrone-l. Gen dòt gid konsènan la sante ki deja tou pare epi tou, gen dòt ki an preparasyon.

Pou plis enfòmasyon konsènan gid yo osnon si ou vle resevwa plis kopi ti liv sa-a, ou ka rele nou gratis nan nimero:

800-358-9295

osnon ekri nou nan:

Agency for Health Care Policy and Research
Publications Clearinghouse
P.O. Box 8547
Silver Spring, MD 20907

☆ U.S. Government Printing Office: 1996 - 397-681 (50501)



U.S. Department of Health and Human Services
Public Health Service
Agency for Health Care Policy and Research
2101 East Jefferson Street, Suite 501
Rockville, MD 20852

AHCPR Publication No. 96-G002
May 1996

Creole Translation